



# Konprann Èd Siplemantè a avèk plan Medicare pou medikaman ou achte avèk preskripsyon an

## Ki sa ki andedan

Ki sa Èd Siplemantè pou depans nan plan Medicare pou medikaman ou achte avèk preskripsyon an ye?

1

Resous ak revni

2

Aplike pou Èd Siplemantè

3

Penalite pou enskripsiyan anreta

3

Si w se yon endyen ameriken oswa natif Alaska

4

Si w se yon manm fanmi, yon moun k ap bay lòt moun swen, oswa yon tyès pati

5

Ki jan pou m chwazi yon plan espesifik?

5

Èske ajans leta yo ka ede avèk depans Medicare yo?

6

Fè apèl a desizyon an

6

Ki jan m ka jwenn plis enfòmasyon?

7

Pou kontakte Sekirite Sosyal

7

## Ki sa Èd Siplemantè pou depans nan plan Medicare pou medikaman ou achte avèk preskripsiyan an ye?

Nenpòt moun ki gen Medicare ka jwenn kouvèti pou medikaman ou achte avèk preskripsiyan nan Medicare. Gen kèk moun ki gen resous ak revni ki limite ki ka jwenn Èd Siplemantè tou avèk depans yo—prim mansyèl, franchiz anyèl, ak kotpa pou preskripsiyan yo—ki gen rapò ak yon plan Medicare pou medikaman ou achte avèk

preskripsiyan. Yo estime Èd Siplemantè a vo apeprè \$4,900 pa ane. Anpil moun kalifye pou kokenn ekonomi sa yo epi yo pa menm konn sa. Pou ka chèche konnen si w kalifye, Sekirite Sosyal pral bezwen konnen valè kòb ou gen sere labank, envestisman, byen imobiliye (apade kay kote w rete a), ak revni w. N ap bezwen enfòmasyon sou ou ansanm ak konjwen w, si w marye epi si n abite ansanm.

Pou ede Sekirite Sosyal detèmine si w elijib pou Èd Siplemantè, ou pral bezwen ranpli yon Aplikasyon pou Èd Siplemantè pou depans nan plan Medicare pou medikaman ou achte avèk preskripsiyon (*Application for Extra Help with Medicare Prescription Drug Plan Costs, Form SSA-1020*).

## Resous ak revni

### Ki limit yo fikse pou resous?

Pou kalifye pou Èd Siplemantè, resous ou yo dwe limite a \$14,100 pou yon sèl moun oswa \$28,150 pou yon koup marye k ap viv ansanm.

Resous yo genyen ladan I valè bagay ou posede yo genyen. Men kèk egzanp:

- Byen imobilye (apade kay kote w rete a)
- Kont labank san wete kont chèk, kont depay ak sètifikasi depo
- Aksyon
- Obligasyon, san wete obligasyon depay Etazini
- Fon komen
- Kont retrèt endividiyèl (*Individual Retirement Account, IRAs*)
- Lajan kach nan kay la oswa nenpòt lòt kote

### Ki sa yo pa konte kòm yon resous?

#### Nou pa konte:

- Kay kote w abite a;
- Zafè pèsonèl ou posede;
- Machin ou (yo);
- Resous ou paka fasilman konvèti nan lajan kach, tankou bijou oswa mèb lakay ou;
- Pwopriyete ou bezwen pou sipòte tèt ou, tankou pwopriyete ou mete nan lwaye oswa teren ou itilize pou plante fwi ak legim pou manje lakay ou;
- Pwopriyete non-komèsyal ki esansyèl pou sipòte tèt ou;
- Polis asirans-vi;

- Depans pou antèman;
- Enterè sou lajan ou konte itilize pou depans antèman; ak
- Kèk lòt lajan ou genyen nou pa konte pou nèf mwa, tankou:
  - Pèman Sekirite Sosyal oswa revni sekirite siplemantè (SSI) retroaktif;
  - Asistans pou lojman;
  - Avans fiskal ak ranbousman ki gen rapò ak kredi taks sou revni salaryal ak kredi taks pou timoun;
  - Konpansasyon ou resevwa kòm yon viktim krim; ak
  - Asistans pou demenajman ou resevwa nan men yon gouvènman leta oswa lokal.

Ou ta dwe kontakte Sekirite Sosyal pou lòt esklizyon nan resous.

### Ki limit ki genyen nan revni?

Pou kalifye pou Èd Siplemantè, revni anyèl ou dwe limite a \$18,210 pou yon endividyi oswa \$24,690 pou yon koup marye k ap viv ansanm. Menm si revni anyèl ou pi wo, ou ka toujou jwenn kèk èd. Kèk egzanp kote revni w lan ka pi wo epi ou ka toujou jwenn Èd Siplemantè enkli si oumenm oswa konjen w:

- Sipòte lòt manm fanmi ki abite avèk ou
- Gen revni ou touche nan travay
- Abite nan Alaska oswa Awayi

### Ki sa nou pa konte kòm revni?

Se pa tout lajan kach nou konte kòm revni. Pa egzanp, **nou pa konte:**

- Pwogram Asistans Nitrisyon Siplemantè (koupon alimantè);
- Asistans pou lojman;
- Asistans pou kouran oswa chofaj;
- Tretman medikal ak medikaman;
- Asistans pou katastwòf;
- Pèman pou kredi taks sou revni salaryal;

- Asistans nan men lòt moun pou peye pou depans pou kay la;
- Pèman konpansasyon viktim; epi
- Bous detid ak sibvansyon pou edikasyon.

Ou ta dwe kontakte Sekirite Sosyal pou lòt esklizyon nan revni.

## Aplike pou Èd Siplemantè

### Ki jan pou m aplike?

Li fasil pou aplike pou Èd Siplemantè. Senpleman ranpli aplikasyon Sekirite Sosyal ki rele Aplikasyon pou Èd Siplemantè pou depans nan plan Medicare pou medikaman ou achte avèk preskripsyon Aplikasyon pou Èd Siplemantè pou depans nan plan Medicare pou medikaman ou achte avèk preskripsyon (*Application for Extra Help with Medicare Prescription Drug Plan Costs, Form SSA-1020*). Men fason pou fè sa:

- Aplike sou entènèt nan [www.socialsecurity.gov/extrahelp](http://www.socialsecurity.gov/extrahelp);
- Rele Sekirite Sosyal nan **1-800-772-1213** (TTY **1-800-325-0778**) pou aplike pa telefòn oswa pou mande yon aplikasyon; oswa
- Aplike nan biwo lokal Sekirite Sosyal ou a.

Aprè w fin aplike, Sekirite Sosyal pral egzamine aplikasyon w lan epi y ap voye yon lèt ba w pou fè w konnen si w kalifye pou Èd Siplemantè.

Aprè w fin kalifye, ou ka chwazi yon plan Medicare pou medikaman ou achte avèk preskripsiyan. Si w pa chwazi yon plan, Sant pou Sèvis Medicare & Medicaid pral fè sa pou ou. Pi bonè ou rantre nan yon plan, se pi bonè w ap kòmanse resevwa benefis.

Si w pa elijib pou Èd Siplemantè, ou ka toujou enskri nan yon plan Medicare pou medikaman ou achte avèk preskripsiyan.

## Penalite pou enskripsiyan anreta

### Penalite nan plan Medicare pou medikaman ou achte avèk preskripsiyan

Si w pa enskri nan yon plan Medicare pou medikaman lè w fèk elijib pou sa, ou ka gen pou peye yon penalite pou enskripsiyan anreta si w vin rantre nan plan an pi devan. Ou pral gen pou peye penalite sa a pandan tout tan ou genyen kouvèti Medicare pou medikaman ou achte avèk preskripsiyan. Sepandan, ou pap peye yon penalite si w ap resevwa Èd Siplemantè oswa lòt kouvèti plan medikaman ou achte avèk preskripsiyan ki elijib.

**NOTE:** *Penalite pou enskripsiyan anreta nan plan Medicare pou medikaman ou achte avèk preskripsiyan an diferan avèk penalite pou enskripsiyan anreta nan Medicare Pati B a. Si w pa enskri nan Pati B a lè w fèk elijib pou li, ou ka gen pou peye yon penalite pou enskripsiyan anreta pandan tout tan ou genyen kouvèti Pati B a. Epitou, ou ka gen pou tann anvan w enskri, epi sa ka lakoz yon reta nan kouvèti Pati B a.*

Pou enfòmasyon konsènan peryòd enskripsiyan yo, vizite [www.medicare.gov](http://www.medicare.gov) oswa rele **1-800-MEDICARE (1-800-633-4227; TTY 1-877-486-2048)**.

### Poukisa mwen ta dwe aplike sou entènèt la?

Aplikasyon nou gen sou entènèt la sekirize epi li ofri anpil avantaj. Li dirije w atravè pwosesis la etap-pa-etap avèk yon seri ekran ki pèmèt ou ede tèt ou. Ekran yo pral di w ki enfòmasyon ou bezwen pou ranpli aplikasyon an epi yo pral gide w yon fason pou ka reponn kesyon yo konplètman. Ou ka fè aplikasyon an sou nenpòt òdinatè epi nan vitès ki bon pou ou. Ou ka kòmanse epi kanpe nenpòt lè pandan pwosesis la, konsa ou ka kite aplikasyon an epi retounen pita pou mete ajou oswa konplete nenpòt nan enfòmasyon ki nesesè yo. Nou pran prekosyon pou n pwoteje enfòmasyon pèsonèl ou.

## Ki sa m bezwen konnen?

Pifò kesyon ki nan aplikasyon an se sou resous ak revni. Si w marye epi w abite avèk konjwen w, nou bezwen enfòmasyon sa a sou nou toule de. Manm fanmi yo, moun k ap bay lòt moun swen ak lòt tyès pati ka ede w ranpli aplikasyon an. Fèy travay ki nan pwochen paj la ka ede w deside si w elijib epi l ka ede w ranpli vrè aplikasyon pou Èd Siplemantè a. Fèy travay la se **pa** yon aplikasyon.

### Pou prepare w:

- Identife bagay ou posede poukout ou, avèk konjwen w, oswa avèk yon lòt moun, men **pa** mete kay ou, machin ou yo, plas nan simityè, polis asirans-vi, oswa zafè pèsonèl ou;
- Egzamine tout revni w; epi
- Rasanble dosye w yo alavans pou ka ekonomize tan.

### Men dosye w pral bezwen yo:

- Deklarasyon ki montre balans kont ou gen labank, kooperativ kredi, oswa lòt enstitisyon finansye;
- Deklarasyon envestisman;
- Sètifikasi aksyon;
- Deklarasyon enpo (Tax returns);
- Lèt ki montre w ap resevwa panson; epi
- Fèy pèman ou resevwa nan travay.

Nou pa pral mande w pou bay prèv pou sipòte enfòmasyon ou bay yo, men nou pral matche enfòmasyon ou bay la avèk done ki disponib nan lòt ajans gouvènman an pou n asire li kòrèk.

Nou bezwen konnen enfòmasyon sou resous ou ak revni w (pou konjwen w tou, si w marye epi n ap viv ansanm).

Resous	Valè
Kont labank, ikonpri kont kouran, kont depay ak sètifikasi depo	\$ _____
Aksyon, obligasyon, obligasyon depay, fon komen, kont retrèt endividiyèl (IRAs), oswa lòt envestisman	\$ _____
Lajan kach ou gen lakay ou oswa nenpòt lòt kote	\$ _____
Tout byen imobilye apade kay kote w rete a	\$ _____

Revni	Montan mansyèl
Benefis Sekirite Sosyal	\$ _____
Benefis retrèt pou travayè nan chemennfè	\$ _____
Benefis veteran	\$ _____
Lòt panson oswa anuite	\$ _____
Panson alimantè	\$ _____
Revni lwaye nèt	\$ _____
Asirans pou aksidan ou fè nan travay	\$ _____
Lòt revni (pa egzanp, chomaj, pèman pou envalidite ki sot nan konpayi prive oswa leta)	\$ _____

Revni	Montan anyèl
Salè	\$ _____
Salè nèt si w travay ak tèt ou	\$ _____

### Si w se yon endyen ameriken oswa natif Alaska

Paj 2 bay yon lis resous ak revni ki pa konte nan limit resous ak revni pou benefis Èd Siplemantè a. Endyen ameriken ak natif Alaska ka genyen lòt resous ak revni ki eskli.

Pa egzanp, **Sekirite Sosyal pa pral konte** resous ak revni sa yo:

- Kèk distribisyon yon natif Alaska resevwa nan men yon antrepriz reyjonal ak minisipal natif Alaska;
- Tè Etazini kenbe nan yon fideyikomi pou yon endyen oswa yon tribi;
- Fon Sekretè Enteryè a kenbe nan yon fideyikomi pou yon tribi endyen epi ki distribye pa tèt bay manm tribi a;
- Jiska \$2,000 pa ane yon endyen ameriken te resevwa nan enterè ki sot nan fideyikomi oswa tè ki gen restriksyon sou yo; epi
- Pèman pou manm tribi endyen espesifik jan lejislasyon federal prevwa sa.

Ou ta dwe kontakte Sekirite Sosyal pou lòt esklizyon sou resous ak revni.

### Si w se yon manm fanmi, yon moun k ap bay lòt moun swen, oswa yon tyès pati

Ou ka ede benefisyè Medicare yo aplike pou Èd Siplementè avèk depans yo nan plan Medicare pou medikaman ou achte avèk preskripsyon. Si w ede yon moun avèk aplikasyon an, ou dwe reponn tankou si se moun nan ki t ap ranpli aplikasyon an. Pou konnen si yon moun elijib, Sekirite Sosyal pral bezwen konnen valè lajan ki nan kont depay li, envestisman, byen imobilye (apade kay kote l abite a), ansanm ak revni. Nou bezwen enfòmasyon konsènan moun w ap ede avèk aplikasyon an ansanm ak konjwen l, si l marye epi y ap viv ansanm. Enfòmasyon ki sou paj 4 la, ak fèy travay ki sou paj 4 la, ak ede w avèk aplikasyon an.

Ou ka ede yon moun aplike pou Èd Siplementè sou entènèt lè w vizite sit entènèt nou an oswa lè w rele nimewo gratis nou an pou mande Aplikasyon pou Èd Siplementè pou depans nan plan Medicare pou medikaman ou achte avèk preskripsyon (*Application for Extra Help with Medicare Prescription Drug Plan Costs, Form SSA-1020*). Ou ka vizite biwo lokal Sekirite Sosyal ou a tou pou asistans.

### Ki jan pou m chwazi yon plan espesifik?

Vizite [www.medicare.gov](http://www.medicare.gov), epi itilize zouti ki site anba yo pou ede w deside.

- **Konpare plan Medicare pou medikaman ou achte avèk preskripsyon**—Ou ka jwenn epi konpare plan medikaman ou achte avèk preskripsyon yo nan eta kote w ap viv la ki satisfè bezwen pèsonèl ou epi enskri nan plan medikaman ou achte avèk preskripsyon ou chwazi a; epi
- **Chèchè fòmilè**—Ou ka mete enfòmasyon konsènan medikaman espesifik ou pran epi jwenn enfòmasyon pou ede w jwenn kèk plan nan eta w la ki matche avèk bezwen w genyen pou medikaman ou achte avèk preskripsyon.

Pou aprann plis konsènan plan Medicare pou medikaman ou achte avèk preskripsyon ak peryòd enskripsyon espesyal, tanpri vizite [www.medicare.gov](http://www.medicare.gov) oswa rele **1-800-MEDICARE**.

### Ki faktè mwen ta dwe konsidere lè m ap konpare chwa ki genyen nan plan medikaman Medicare yo?

**Kouvèti**—Plan medikaman Medicare yo pral kouvri medikaman jeneric ak medikaman non mak. Pifò plan yo pral genyen yon fòmilè, ki se yon lis medikaman plan an kouvri. Medikaman plan an kouvri yo ka chanje, men lis la dwe toujou satisfè kondisyon Medicare yo.

**Pri**—Prim mansyèl yo ak pòsyon depans pa w pou preskripsyon an pral varye toudepan de ki plan ou chwazi. Si w kalifye pou Èd Siplementè paske w gen resous ak revni ki limite, ou pral resevwa èd ak kèk oswa tout depans sa yo.

**Fasilité**—Plan medikaman yo dwe gen kontra ak famasi ki nan zòn kote w rete a. Tyeke avèk plan an pou asire w famasi ki nan plan an fasil pou al ladan yo.

## Ki jan pou m rantre nan yon plan Medicare pou medikaman ou achte avèk preskripsiyon?

- **Sou sit entènèt plan an**—Vizite sit entènèt konpayi plan medikaman an. Li posib ou ka rantre nan plan an sou entènèt;
- **Sou sit entènèt Medicare la**—Rantre nan yon plan medikaman nan [www.medicare.gov](http://www.medicare.gov) lè w itilize sant pou enskripsiyon Medicare sou entènèt la;
- **Lè w fè aplikasyon sou papye**—Kontakte konpayi k ap ofri plan medikaman ou chwazi a, epi mande pou yon aplikasyon. Aprè w fin ranpli fòm nan, voye l bay konpayi a swa pa lapòs swa pa faks; oswa
- **Pa telefòn**—Rele plan an oswa rele **1-800-MEDICARE**, epi pale avèk yon reprezantan sèvis kliyan.

## Èske ajans leta yo ka ede avèk depans Medicare yo?

Lè w ranpli aplikasyon w lan pou Èd Siplementè, ou ka kòmanse pwoesisis aplikasyon w lan tou pou pwogram ekonomi Medicare yo (*Medicare Savings Programs*). Pwogram leta sa yo ofri èd avèk lòt depans Medicare. Sekirite Sosyal pral voye enfòmasyon nan eta w la amwenske ou di nou pou n pa fè sa sou aplikasyon pou Èd Siplementè a. Eta w la pral kontakte w pou yo ede w aplike pou yon pwogram ekonomi Medicare (*Medicare Savings Program*).

Pwogram Ekonomi Medicare sa yo (*Medicare Savings Programs*) ede moun ki gen resous ak revni limite peye pou depans Medicare yo. Pwogram Ekonomi Medicare yo (*Medicare Savings Programs*) ede w peye pou prim Medicare Pati B w la (asirans medikal). Pou kèk moun, Pwogram Ekonomi Medicare yo (*Medicare Savings Programs*) yo ka peye tou pou prim Medicare Pati A (asirans lopital), si genyen, ak franchiz ak kotpa Pati A ak B.

Medicaid oswa asistans medikal se yon pwogram federal ak leta ki mete ansanm pou ede peye depans medikal pou kèk moun ki gen

resous ak revni ki limite. Chak eta genyen diferan règ konsènan elijiblite ak fason pou aplike pou Medicaid. Kontakte biwo Medicaid nan eta kote w abite a pou plis enfòmasyon.

## Fè apèl a desizyon an

### Ki sa mwen ka fè si m pa dakò avèk enfòmasyon yo te itilize pou detèmine elijiblite m nan?

Sekirite Sosyal pral voye ba w yon notis anvan yo pran desizyon yo si enfòmasyon ki nan dosye nou yo montre ou pa elijib pou Èd Siplementè. Si w pa konprann notis la, rele nou nan

**1-800-772-1213**, epi nou pral eksplike w li. Si w pa dakò ak enfòmasyon nou genyen an, rele nimewo ki anwo a oswa vizite biwo lokal Sekirite Sosyal ou a nan yon delè 10 jou aprè w fin resevwa notis anvan nou pran desizyon an, epi pou ban nou enfòmasyon ki kòrèk la.

Nou pral voye yon detèminasyon final ba w si w pa ban nou ankenn enfòmasyon siplemantè nan delè 10 jou a. Li pral eksplike ki sa ou ta dwe fè si w pa dakò avèk detèminasyon final la. Nou rele sa yon apèl.

### Ki jan mwen ka fè apèl a detèminasyon final yo fè sou aplikasyon pou Èd Siplementè mwen an?

Si w vle fè apèl a detèminasyon Sekirite Sosyal te fè konsènan elijiblite w pou Èd Siplementè pou depans nan plan Medicare pou medikaman ou achte avèk preskripsiyon, vizite sit entènèt nou an, oswa rele nou epi mande pou yon Apèl sou detèminasyon pou Èd Siplementè pou depans nan plan Medicare pou medikaman ou achte avèk preskripsiyon (*Appeal of Determination for Extra Help with Medicare Prescription Drug Plan Costs*, Form SSA-1021). Ou ka voye demann lan pa lapòs bay Wilkes-Barre Data Operations Center, P.O. Box 1030, Wilkes-Barre, PA 18767-1030. Ou ka vizite biwo lokal Sekirite Sosyal ou a tou.

## Ki sa ki pral rive lè m fè apèl?

Lè w mande apèl la, nou pral mande w pou di nou rezon ki fè w panse desizyon nou an pa kòrèk. Nòmalman nou pral mete yon randevou pou yon odyans pou egzamine ka w la avèk ou pa telefòn. Pou mete randevou pou odyans lan, nou pral mande w pou de diferan lè ou ta prefere pou nou rele w. Ansuit, nou pral voye yon notis pou randevou a ba w ki pral genyen ladan I lè ak dat yo pwograme odyans ou an.

Si w chwazi pou pa patisipe nan yon odyans pa telefòn, nou pral deside ka w la lè nou gade enfòmasyon nou genyen nan dosye nou, ansanm ak nenpòt nouvo enfòmasyon ou ban nou, pou asire nou pran yon desizyon ki kòrèk. Nou pral rele pwosesis sa a yon odyans daprè egzamen ka a.

Kit ou fè demann pou yon odyans pa telefòn, kit se yon odyans daprè egzamen ka a, nou pral voye yon lòt notis ba w dèke nou fin konplete travay ki nesesè sou reklamasyon w lan.

## Èske gen yon limit tan pou apèl la?

Ou genyen 60 jou apati dat ou resevwa notis la ki fè w konnen desizyon nou an pou mande yon apèl. Si w pa fè apèl la nan yon delè 60-jou, ou ka pèdi dwa ou genyen pou fè apèl, epi desizyon nou te pran an ap vin yon desizyon final. Si w genyen yon bon rezon pou pa fè apèl pou ka w la nan limit tan sa a, nou ka ba w plis tan pou fè sa. Ou ka mande yon ekstansyon lè w rele nou nan **1-800-772-1213**.

## Èske m ka jwenn èd pou m mande yon apèl?

Ou ka chwazi pou yon moun ede w avèk apèl ou a oswa pou reprezante w. Reprezantan w lan ka yon avoka oswa yon lòt moun ki kalifye ki konnen w epi ki konnen pwogram Sekirite Sosyal la. Nou pral travay ansanm avèk reprezantan w lan menm jan nou ta travay avèk ou. Li ka aji pou ou nan pifò zafè Sekirite Sosyal.

## E si m pa dakò ak desizyon an?

Si w pa dakò avèk desizyon Sekirite Sosyal pran nan apèl ou a, ou ka antame yon pwosè nan yon tribunal federal premyè enstans. Lèt nou voye ba w la konsènan desizyon sou apèl ou a pral fè w konnen tou ki jan pou mande pou yon tribunal egzamine ka w la.

## Ki jan m ka jwenn plis enfòmasyon?

Pou plis enfòmasyon sou fason pou jwenn Èd Siplemantè pou depans nan plan Medicare pou medikaman ou achte avèk preskripsyon, vizite **www.socialsecurity.gov/extrahelp**, oswa rele Sekirite Sosyal. Reprezantan Sekirite Sosyal yo disponib pou ede w ranpli aplikasyon w lan. Pi bonè ou aplike, se pi bonè ou pral kòmanse resevwa benefis yo.

Si w bezwen enfòmasyon konsènan pwogram ekonomi Medicare yo, plan Medicare pou medikaman ou achte avèk preskripsyon, fason pou enskri nan yon plan, oswa pou mande yon kopi manyèl *Medicare & You a*, tanpri vizite **www.medicare.gov** oswa rele **1-800-MEDICARE**. Pwogram Asirans Medikal Konsèy ak Asistans nan Eta w la (State Health Insurance Counseling and Assistance Program, SHIP) ka ede w reponn kesyon w genyen sou Medicare yo tou. Ou ka jwenn enfòmasyon sou fason pou kontakte biwo lokal SHIP ou a nan do manyèl Medicare w la, sou entènèt nan **www.medicare.gov**, oswa ou ka mande I lè w rele.

## Pou kontakte Sekirite Sosyal

Genyen plizyè fason pou kontakte Sekirite Sosyal, san wete sou entènèt, pa telefòn, epi an pèsòn. Nou la pou n reponn kesyon w yo epi pou n sèvi w. Depi plis pase 80 ane, Sekirite Sosyal te ede sekirize lavi w jodi a ak demen lè I ofri benefis ak pwoteksyon finansye pou dèmilyon moun nan pakou y ap fè nan lavi yo.

## Vizite sitwèb nou an

Fason ki pi pratik pou regle biznis nan Sekirite Sosyal nenpòt kote nenpòt lè, se lè w vizite sitwèb nou an [www.socialsecurity.gov](http://www.socialsecurity.gov). Nan sit la, ou kapab:

- Kreye yon kont *my Social Security* pou egzamine *Social Security Statement (Deklarasyon Sekirite Sosyal)* ou a, verifye revni w, enprime yon lèt verifikasyon benefis, chanje enfòmasyon pou depo dirèk ou, fè demann pou yo ranplase kat Medicare ou, jwenn yon ranplasman pou fòm SSA-1099/1042S, ak anpil lòt bagay ankò;
- Aplike pou jwenn Extra Help (èd siplemantè) avèk depans plan Medicare pou medikaman ou achte avèk preskripsyon;
- Aplike pou benefis retrèt, envalidite ak Medicare;
- Jwenn kopi piblikasyon nou yo;
- Jwenn repons pou kesyon moun konn poze souvan; ak
- Anpil lòt bagay ankò!

Kèk nan sèvis yo disponib sèlman nan lang anglè. Vizite Multilanguage Gateway (pòtay multilang) nou an pou enfòmasyon nan lang kreyòl ayisyen. Nou ofri sèvis entèprèt gratis pou ede w regle biznis Sekirite Sosyal ou yo. Sèvis entèprèt sa yo disponib kit ou pale avèk nou pa telefòn kit ou vini nan biwo Sekirite Sosyal la.

## Rele nou

Si w pa gen aksè nan entènèt, nou ofri plizyè kalite sèvis otomatize, 24 sou 24, 7 jou pa semèn. Rele nou gratis nan **1-800-772-1213** oswa nan nimewo TTY nou an, **1-800-325-0778**, si w soud oswa ou gen difikilte pou tandem.

Si w bezwen pale avèk yon moun, nou ka reponn apèl ou yo apati 7 è dimaten jiska 7 è diswa, de lendi a vandredi. Nou mande w pou pasyan pandan peryòd nou okipe anpil paske

w ka jwenn plis siyal okipe epi w ka gen pou ret tann pi lontan anvan w gen opòtinite pou pale avèk nou. N ap tann pou n sèvi w.



Securing today  
and tomorrow

Social Security Administration

Publication No. 05-10508-HC | February 2018

Konprann Èd Siplemantè a avèk plan Medicare pou medikaman ou achte avèk preskripsyon an  
Understanding the Extra Help With Your Medicare Prescription Drug Plan (Haitian-Creole)

Produced and published at U.S. taxpayer expense

Se lajan kontribiyab Ozetazini peye ki pèmèt yo pwodui epi pibliye piblikasyon sa a